

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan


Desain panalungtikan nya éta sakabéh proses anu diperlukeun dina rarancang panalungtikan jeung prakna panalungtikan nepi ka pertanyaan bisa dijawab ku informan.

Ieu desain dipaké pikeun ngadéskripsikeun (1) wangenan tradisi hajat bumi, (2) asal muasal tradisi hajat bumi, (3) prak-prakan tradisi hajat bumi, (4) unsur sémiotik nu nyampak dina tradisi hajat bumi, jeung (5) ngalarapkeun hasil panalungtikan hajat bumi dina pangajaran maca artikel di SMA.

Dina ieu panalungtikan, aya sababaraha léngkah, nya éta (1) ménta idin ka sesepuh hajat bumi pikeun ngalaksanakeun panalungtikan ngeunaan tradisi hajat bumi, (2) nyieun jeung nyusun daptar pertanyaan ngeunaan tradisi hajat bumi, (3) ngawawancara informan luyu jeung pedoman wawancara, (4) niténan acara acara hajat bumi, sarta ngadokuméntasikeun prak-prakan tradisi hajat bumi, (5) obsérvasi ka kantor Désa Jagabaya pikeun ngadeudeulan data ngeunaan lokasi panalungtikan.

Desain panalungtikan digambarkeun dina bagan ieu di handap.

Bagan 3.1



3.2 Sumber Data jeung Lokasi Panalungtikan


3.2.1 Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 172), sumber data dina panalungtikan nya éta subjék nu bisa dipaké dina nyangking data. Sumber data nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta saperti ieu di handap.

- 1) Data ti sesepuh, panitia, jeung tokoh masarakat, sarta jalma nu apal kana tradisi hajat bumi.
- 2) Data ti Kacamatan Panawangan, pikeun nyangking data ngeunaan kaayaan lokasi hajat bumi.

Data informan anu diasongkeun waktu lumangsungna kagiatan wawancara, saperti ieu di handap.

Tabél 3.1
Data Informan (Narasumber)

| | |
|-----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| <p>Data Informan</p> <p>Wasta : Sutadi</p> <p>Jenis Kelamin : L</p> <p>Yuswa : 45 Th</p> <p>Alamat :</p> <p>RT/RW 01/05 Dusun Jagabaya II</p> <p>Pakasaban : Tani</p> <p>Atikan : SD</p> <p>Kalungguhan : Kuncén</p> |  <p style="text-align: center;">Gambar 3.1 Kuncén</p> |
|-----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|

Data Informan

Wasta : Wawan Setiawan
 Jenis Kelamin : L
 Yuswa : 44 Th
 Alamat :
 RT/RW 02/01 Dusun Jagabaya II
 Pakasaban : Kepala Desa
 Atikan : SMA
 Kalungguhan :
 Pelindung Hajat Bumi



Gambar 3.2 Kepala Désa

Data Informan

Wasta : Drs. Ahmad H
 Jenis Kelamin : L
 Yuswa : 65 Th
 Alamat :
 RT/RW 01/01 Dusun Jagabaya II
 Pakasaban : Pensiunan
 Atikan : S1
 Kalungguhan :
 Ket. BPD/MUI/Penasehat Hajat Bumi



Gambar 3.3 Sespuh

| | |
|----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|-------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| <p>Data Informan</p> <p>Wasta : Nana Rohimat</p> <p>Jenis Kelamin : L</p> <p>Yuswa : 49 Th</p> <p>Alamat :</p> <p>RT/RW01/04 Dusun Jagabaya II</p> <p>Pakasaban : Wiraswasta</p> <p>Atikan : SMP</p> <p>Kalungguhan :</p> <p>Sek. Karang Taruna/Panata Calagara</p> <p>Hajat Bumi</p> |  <p>Gambar 3.4 Panata Calagara Hajat Bumi</p> |
|----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|-------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|


3.2.2 Lokasi Panalungtikan

Lokasi panalungtikan pikeun nyangking data ngeunaan tradisi hajat bumi nya éta di Désa Jagabaya Kacamatan Panawangan Kabupaten Ciamis. Désa Jagabaya pernahna paeunteung-eunteung jeung Désa Cinyasag (*beulah kulon*), Désa Nagarapageuh (*beulah wétan*), Désa Sagalahérang (*beulah kidul*), jeung Désa Bagunjaya (*beulah kalér*). Dumasar kana Monografi Désa Taun 2015, legana ieu désa kira-kira 178.04 ha jeung sacara administratif dirojong ku tilu dusun, nya éta Dusun Jagabaya I, Dusun Jagabaya II, jeung Dusun Pamengker, kalayan total jumlah pendudukna nya éta 1.187 jiwa.

Daérah Jagabaya mangrupa daérah anu loba pasawahanana jeung diriung ku gunung. Ku kaayaan taneuh anu diriung ku gunung saperti kitu, masarakat di Désa Jagabaya loba anu digawé jadi tukang tani, aya kana 183 jalma, wiraswasta aya kana 148 jalma, jeung sésana jadi pangsiunan, budak sakola, sarta nu can digawé (Data Monografi Désa Jagabaya Taun 2015).

Agama anu diagem ku masarakat Désa Jagabaya nya éta agama Islam. Ku kituna, ieu désa dirojong ku *fasilitas* umum pikeun ibadah saperti Masjid Jami anu jumlahna aya tujuh.

Tradisi hajat bumi di Désa Jagabaya dilaksanakeun di dua kampung, nya éta kampung Jagabaya I jeung Jagabaya II. Lokasi Désa Jagabaya jeung lokasi dua kampung nu ngalaksanakeun éta tradisi bisa dititénan dina gambar peta di handap.



Gambar 3.5
Peta Wilayah

3.3 Méthode Panalungtikan

Panalungtikan asal kecapna tina basa Inggris *research*, nu hartina tarékah atawa pagawéan pikeun néangan hal anu dilakukeun, ngagunakeun métode nu tangtu jeung sistematis, bisa dipaké pikeun ngaréngsékeun jeung ngajawab sagala pertanyaan tina éta pasualan. Jadi, métode panalungtikan nya éta salasihiji cara atawa jalan pikeun nyangking data tina sakabéh pasualan nu aya (Subagyo, 2006, kc. 2).

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 351), métode panalungtikan nya éta hiji cara pikeun nyangking pangaweruh atawa jalan pikeun ngaréngsékeun pasualan nu disanghareupan, sarta dilakukeun sacara ilmiah, sistematis, jeung logis.

Ieu panalungtikan nyoko kana panalungtikan lapangan, ku kituna métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif nu ngagunakeun pamarekan kualitatif.

Kecap *déskriptif* asalna tina basa Inggris *to describe*, nu miboga harti ngébréhkeun jeung ngagambarkeun ngeunaan hiji hal, bisa ogé mangrupa kaayaan, kondisi, situasi, peristiwa, kagiatan, jrrd. Ku kituna métode déskriptif nya éta panalungtikan anu miboga maksud pikeun nalungtik kaayaan, kondisi, jeung nu aya patalina kana éta hal, anu hasilna bisa diébréhkeun dina laporan panalungtikan (Arikunto, 2010, kc. 3).

Pamarekan kualitatif nurutkeun Bogdan jeung Taylor dina Basrowi jeung Suwandi (2008, kc. 21), nya éta prosedur panalungtikan anu ngahasilkeun data déskriptif nu mangrupa kekecapan anu ditulis atawa sacara lisan mangrupa omongan ti jalma-jalma jeung kalakuan anu bisa ditempo jeung ditaliti.

Ieu panalungtikan miboga udagan pikeun ngadéskripsikeun tradisi hajat bumi di Kacamatan Panawangan Kabupaten Ciamis, sajarah, prak-prakanna, jeung simbol-simbol anu aya dina éta tradisi hajat bumi, sarta ngalarapkeun hasil panalungtikan kana pangajaran maca artikel di SMA.

3.4 Wangenan Operasional

Sangkan aya gambaran ngeunaan ieu panalungtikan, perlu dijéntrékeun wangenan istilah nu aya dina ieu judul panalungtikan.

- 1) Tradisi hajat bumi nya éta tradisi urang Jagabaya dina raraga nembrakkeun rasa sukur ka Pangéran ku cara ngayakeun helaran budaya jeung jarak ka makam luluhur atawa karuhunna anu pernahna aya di tabet karamat Jagabaya di éta désa. Ari tradisi hajat bumi téh diayakeunana sataun sakali, unggal bulan Muharam tanggal hiji.
- 2) Bahan pangajaran maca di SMA nya éta salasahiji komponén pangajaran anu aya dina KIKD basa daérah (Sunda), nu miboga tujuan sangkan siswa bisa maham jeung nyangkem wacana nu jadi bahan pangajaranana. Ieu udagan pangajaran maca téh pikeun siswa SMA kelas XII, nya éta dina pangajaran maca artikel ngeunaan kabudayaan anu matérina tina hasil panalungtikan tradisi hajat bumi di Désa Jagabaya Kacamatan Panawangan Kabupatén Ciamis pikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA.

Jadi maksud tina judul “Tradisi Hajat Bumi di Désa Jagabaya Kacamatan Panawangan Kabupatén Ciamis pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA (Ulikan Sémiotik)”, nya éta tarékah pikeun ngadéskripsikeun sarta nganalisis simbol budaya nu nyampak dina tradisi hajat bumi anu salila ieu can kapaluruh, sarta ngalarapkeunana dina bahan pangajaran maca artikel ngeunaan kabudayaan di SMA kelas XII.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta sakabéh alat anu dipaké pikeun ngumpulkeun data. Instrumén anu dipaké nya éta *handphone*, *camera SLR*, jeung pedoman wawancara.

- 1) *Handphone*

Handphone dipaké pikeun ngarékam prosés ngawawancara ka narasumber nu apal kana tradisi hajat bumi.

2) *Camera SLR*

Caméra SLR dipaké pikeun ngadokumentasikeun kagiatan observasi jeung wawancara dina ieu panalungtikan, bisa mangrupa gambar atawa poto, jeung *video*.

3) Pedoman wawancara

Pedoman wawancara dipaké pikeun nungtun panalungtikan dina ngalaksanakeun wawancara sagkan teu kaluar tina tujuan anu hayang dihontal, jeung dipaké pikeun ngawawancara sesepuh tradisi hajat bumi, sarta ka sababaraha jalma nu apal kana ieu tradisi.

Format wawancara anu diasongkeun waktu lumangsungna kagiatan wawancaranya éta saperti ieu di handap.

1. Asal Muasal Tradisi Hajat Bumi

- a) Kumaha asal muasal tradisi hajat bumi di Jagabaya?
- b) Saha nu mimiti ngayakeun ieu tradisi?
- c) Iraha ieu tradisi diayakeun?
- d) Mun ieu tradisi teu dilaksanakeun, balukarna kumaha?

2. Bahan/Alat dina Tradisi Hajat Bumi

- a) Bahan/alat naon waé nu digunakeun dina hajat bumi?
- b) Raksukan nu kumaha nu dipaké dina tradisi hajat bumi?
- c) Bahan/alat dina tradisi hajat bumi, robah atawa henteu?

3. Nu Mingpin Tradisi Hajat Bumi

- a) Saha nu mingpin hajat bumi?
- b) Naha anu jadi mingpin téh kudu lalaki?
- c) Aya sarat-sarat naon waé pikeun mingpin ieu tradisi?
- d) Kudu saturunan atawa henteu?

4. Prak-prakan Tradisi Hajat Bumi

- a) Saacan ngalaksanakeun kagiatan, naha aya persiapan atawa ritual husus?
- b) Kumaha prak-prakan tradisi hajat bumi (saméméhna, lumangsungna, jeung sanggeusna)?
- c) Naon fungsi tradisi hajat bumi?
- d) Aya kidung/pupujian/jampé dina hajat bumi?

- e) Naon fungsi tina kidung/pupujian/jampé dina tradisi hajat bumi?
- f) Dina macakeunana, dibedakeun atawa henteu?
- g) Saha nu bisa miluan kana ieu tradisi?
- h) Tradisi hajat bumi kiwari, aya bédana teu jeung jaman baheula?
- i) Kumaha carana sangkan ieu tradisi tetep nanjeur sarta diriksa ku masarakat Jagabaya hususna Kabupaten Ciamis?

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik obsérvasi, téhnik wawancara, jeung téhnik dokuméntasi.

1) Téhnik Obsérvasi

Téhnik obsérvasi nya éta hiji cara pikeun nganalisis jeung nuliskeun sacara sistematis, kagiatan, jeung hal-hal anu dilakukeun ku individu atawa kelompok éta masarakat, ku cara niténan jeung museurkeun panitén sacara langsung (Basrowi jeung Suwandi, 2008, kc. 21). Obsérvasi digunakeun sangkan nyangking data anu akurat ngeunaan sajarah, prak-prakan, simbol-simbol nu nyampak dina tradisi hajat bumi, sarta ngalarapkeun hasil panalungtikan hajat bumi dina pangajaran maca artikel di SMA.

2) Téhnik Wawancara

Téhnik wawancara nya éta téhnik pikeun nyangkem bahan lisan ti narasumber anu nyaho kana tradisi hajat bumi, ku cara méré pertanyaan nu geus di susun saméméhna, pikeun nyangking data nu akurat ngeunaan hajat bumi, sajarah, prak-prakan, jeung simbol-simbol nu nyangkaruk dina éta tradisi.

3) Téhnik Dokuméntasi

Téhnik dokuméntasi nya éta téhnik nyangking data nu mangrupa tulisan, gambar (foto), *video*, jeung sora, ku cara ngagunakeun média éléktronik (*handphone* jeung *camera SLR*). Éta alat, digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun prak-prakan sarta hal-hal nu dianggap penting dina tradisi hajat bumi.

3.7 Téhnik Ngolah Data

Sanggeus data hasil panalungtikan dikumpulkeun, tuluy dilakukeun kagiatan ngolah data. Téhnik ngolah data nu dipaké dina ieu panalungtikan, nya éta ku cara mariksa deui data-data hasil panalungtikan anu geus dikumpulkeun.

- 1) Data tradisi hajat bumi nu geus didéskripsikeun sarta dianalisis maké ulikan sémiotik Peirce (ikon, indéks jeung simbol).
- 2) Nyieun kacindekan tina hasil ngolah data anu geus didéskripsikeun jeung dianalisis.